

KONNEN DWA OU - DACA MIZAJOU (DESANM 2020)

Vandredi 4 desanm 2020, yon Jij Federal nan Nouyòk te bay yon lòd, pou pwogram **Aksyon Retade pou moun ki te Rive Etazini lè yo te Timoun** ("DACA"), retounen jan li te ye a, anvan administrasyon Trump la te eseye mete fen nan pwogram sa a, nan lane 2017.

Sa vle di: Kounye a, Gouvènman an dwe aksepte demann pou premye fwa pou DACA nan men moun ki kalifye pou enskri nan pwogram lan, aksepte aplikasyon pou libète pwovizwa, epi retabli peryòd renouvèlman de lane pou pwoteksyon DACA ak pèmi travay.

KISA SA VLE DI POU MWEN ?

Moun ki aktyèlman nan pwogram DACA:

- Moun ki aktyèlman nan pwogram DACA kapab kontinye aplike pou renouvle DACA yo. Li rekòmande pou ou soumèt renouvèlman an, ant 150 jou ak 120 jou, anvan dat espirasyon DACA ou genyen kounye a.
- Pwoteksyon ak benefis DACA yo ap kontinye (pa egzanp pwoteksyon kont depòtasyon, epi pwoteksyon pou pèmi travay).
- Peryòd renouvèlman an retounen tabli, soti yon lane, pou rive de zan.
- Frè renouvèlman rete \$ 495 dola.

Nouvo aplikan DACA:

USCIS ap aksepte nouvo aplikasyon pou tout moun ki satisfè kondisyon sa yo:

- Fò moun nan pa t ko gen 31 lane, nan dat 15 jen 2012;
- Fò moun nan te vini Ozetazini anvan li te gen 16 zan;
- Fò moun nan te toujou rete an pèmanans Ozetazini depi 15 jen 2007, jis rive kounye a;
- Fò moun nan te prezan fizikman Ozetazini nan dat 15 jen 2012, epi nan moman li te fè demann li a, pou pou yo aksepte demann li a bò kote USCIS la;
- Fò moun nan pa t gen okenn estati legal nan imigrasyon rive 15 jen 2012;
- Fò moun nan lekòl kounye a, oubyen li deja gradye, oswa li gen yon sètifika fen lekòl segondè, oswa li gen yon sètifika nan Devlopman Edikasyon Jeneral (GED), (oswa sètifika yon lòt egzamen yon Eta nan peyi Etazini otorize), oswa li se yon veteran nan Gad Kòt oubyen nan Fòs Ame Etazini, kote li soti yon fason onorab; Epi tou,
- Fò yo pa t janm kondane moun nan pou yon krim grav, yon deli enpòtan, twa deli minè oubyen plis. Epi tou, fò moun nan pa reprezante yon menas pou sekirite Etazini, oswa pou sekirite piblik.

Libète Pwovizwa:

Y ap aksepte aplikasyon pou libète pwovizwa, pou rezon vwayaj imanitè, oswa pou al etidye nan yon lòt peyi, ki pa Etazini.

ENPÒTAN: Lè yo akòde ou Libète Pwovizwa, sa pa bay garanti yo pral pèmèt ou retounen nan peyi Etazini. Li enpòtan pou w pale ak yon avoka imigrasyon, oswa avèk yon Reprèzantan ki akredite nan Depatman Lajistis, pou w konprann sitiyou ou, ANVAN ou vwayaje kite peyi Etazini.

ÈD LEGAL GRATIS KA DISPONIB:

Tout moun ki elijib pou DACA ta dwe konsilte yon moun ki bay sèvis legal, pou jwenn enfòmasyon sou aplikasyon DACA, oswa sou renouvle DACA ki egziste deja ak / oswa sou pran ekzamen pou w kalifye pou lòt benefis imigrasyon k ap dire pi lontan. Pou pran yon randevou ak Sèvis Migrasyon Katolik pou asistans legal gratis, tanpri rele biwo nou, soti Lendi rive Vandredi, ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m., nan telefòn (718) 236-3000 (biwo Brooklyn), oswa (347) 472-3500 (biwo Queens). Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt nou an, nan www.catholicmigration.org epi swiv nou sou medya sosyal, via Facebook, Twitter, ak Instagram @ CMSBQ. Ou ka jwenn konsèy legal gratis lè w rele 311 epi mande pou "Aksyon NYC."